


# QURILIS SHOLKEMLERIN ZAMAN TALABINA SAY RAWAJLANDIRIW

**Dauletbaeva Abadan**
QMU Imarat ha'm soorujenieler qurilisi kafedrasi assistenti
**Aytbaev Rinat**
QMU 3 -kurs Imarat ha'm inshaatlar qurilisi student
https://doi.org/10.5281/zenodo.12725037

## ARTICLE INFO

Qabul qilindi:5-iyul 2024 yil
Ma'qullandi: 8-iyul 2024 yil
Nashr qilindi: 11-iyul 2024 yil

**KEY WORDS**

## ABSTRACT

*Qurılıs kompleksi ekanomikamızda ha'zirgi ku'nde a'hmiyetli orın iyelep kelmekte. Ekanomikaǵa kiritilip atırǵan investiciyalar kóleminiń asıp barıwı kapital qurılıs kólemin artıwına jáne oniń quramın keńeyiwine sebep bolmaqda. 2023-jıl juwmaqları boyinsha, ulıwma kólemi 149, 9 trln. swmga teń bolǵan qurılıs jumısları orinlandi hám 2022-jıldaǵıg'a salıstırǵanda joqarı ósiw páti (106, 4%) támiyinlendi.*

Ja'nede Indeksten paydalanılǵan halda qurılıs jumıslarınıń ámeldegi rawajlanıw dárejesi analiz etildi hám aymaqlar reytingi islep shıǵıldı.

Maǵlıwmat ushın: Qurılıs jumısları aktivligi indeksi málim bir waqıt aralıǵında belgili bir aymaqlarda qurılıs jumısları orınlanıwı kóleminiń ózgeriwin sáwlelendiredi.[1].

Onnan tisqari qurılıs kompleksine túrli tarawda iskerlik kórsetiwshi jańa iri kárxana hám shólkemler kobeyip barmaqda. Sonday-aq, qurılıs jumıslarınıń ulıwma kóleminde iri shólkemlerdiń úlesi 25,3 protsentti, kishi kárxanalar hám mikrofirmalardin' úlesi 55, 2 protsentti, rásmiy bolmaǵan sektordıń úlesi 19, 5 protsentti quradı.

A'hmiyetli ta'repi qurılıs kompleksin kóp qırlı hám quramalı sistema retinde xızmet kórsetiwi ilimiy tárepten tán aling'anlig'i qurılıs menejmenti pániniń bólek jónelis retinde kóriliwin talap etedi. Áyne qurılıs kompleksindegi quramalı shólkemlestirilgen munasábetler mámleketimiz tárepinen basqarıw máselelerine úlken itibar beriwine sebepshi bolmaqda ha'mde bazar munasábetleriniń qáliplesiwi hám turaqlastiriw investicion processlerde ha'm qurılıs processlerine de úlken tásir ótkizbekte. Bul tásirler proektlestiriw-qurılıs jumısların shólkemlestiriwde óz sheshimin tawip kelmekte. 2013-jıl 20 avgustdaǵı "Ózbekstan Respublikasında Birden-bir qurılıs reglamentı sistemasın qáliplestiriw tuwrısında"g'i 229 -sanli Qararinin' 3-qosımshasında keltirilgen birden-bir qurılıs reglamentı Ózbekstan Respublikasında qurılıs salasındaǵı jantasıwlardıń xuquqiy tiykarın belgilep beredi [2].

Bunda qurılıs procesi qatnasıwshıları bolǵan sub'ektlerdiń shólkemlestirilgen formaların ózgeriwi, olardıń ekonomikalıq shólkemlestirilgen-ekonomikalıq mápleriniń ózgerisleri, investicion procesine jańa sub'ektlerdiń qosılıwı ámeldegi munasábetlerde

kóplegen ózgerislerge sebep bolmaqda. Házirgi kúnde qurılıs tarawinda ushirasatug'in ózgerislerdiń tómendegi bağdarlarına bólek itibar qaratıw lazim dep taptiq:

- qurılıs ob'ektlerinde jańa texnikalıq hám texnologiyalıq sheshimlerdiń jedel kirip barıwı, yag'niy zamanagóy texnologiyalardıń sanaat hám social ob'ektlerde qollanılıwı qurılıs processinde jańa texnikalıq sheshimlerden paydalanıwdı talap etpekte;
- jańa qurılıs materiallarınıń oylap tabiliw hám olardıń imarat hám inshoatlar ózgesheliklerine, qurılıs texnologiyasına tásiri. Házirgi kúnde qurılıs materiallardıń kóbisi qollanıwğa joqarı dárejede tayınlığı hám operativ texnologiyalarğa maslasqanlığı menen ajralıp turadı. Bunnan tısqarı bekkemlik boyınsha ózgerisler qurılıs processinde jańasha ko'z qarasqa tiykar bolmaqda;
- real ekonomika talapları jáne social rawajlanıw nátiyjesinde turar jay hám jámáát ob'ektleriniń arxitekturalıq sheshimlerine bolğan talap hám normalardıń ózgeriwi.

Xalqımız turmıs táriziniń jaqsılanıwı, turar jay hám jámáát ımaratlardağı qolaylıqlarğa qoyılatuğın talaplardıń qatańlasıwına hám bul talaplar qurılıs normaları hám qağıydalarda óz sheshimin tawip kelmekte, yag'niy;

- qurılıs texnikasınıń ózgeriwi hám de qurılısda qol miynetiniń keskin azayıp barıwı. Zamanagóy qurılıs texnikası, atap aytqanda kótergish mexanizmler hám qol ásbaplardıń jedel túrde rawajlanıp barıwı qurılıs operatsiyalarinda salmaqli qol miynetiniń keskin azayıwına sebep bolmaqda , qurılıs mádeniyatın asırip baradı ;
- qurılıs jumıslarınıń miynet sarplari, islerdiń sapası, bólek operaciyalardin' rawajlanıwi. Mexanizatsiyalaw procesiniń asıwı hám jumıs operatsiyaları quramınıń ózgeriwi jumıs sapasına da munasábetti ózgertiredi hám de meynet sarplari normalarınıń qayta kórip shığılıwına tiykar boladı;
-joqarıdağı faktorlardıń tásirinde ob'ektler qurılısınıń normativ dawam etiwiniń ózgeriwi. Házirgi kúnde bizler qurılıs múddetleride jumislardin' keskin qısqarıwın kóriwimiz múmkin. Óz gezeginde bul qurılıstıń normativ múddeti tuwrısındağı pikirlerdin' ózgeriwine alıp keledi hám olardı qayta kórip shığıwdı talap etedi. Kórsetip ótilgen tendenciyalar joybar-qurılıs jumısları orınlaw processinde "buyırtpashı - joybar orınlawshı - qurıwshı" shınjırında shólkemlestirilgen munasábetlerdiń rawajlanıwi mashqalasın alip qaraladi hám olardı teoriyalıq hám de ámeliy tárepten tıykarlanıwın talap etedi. Ásirese, sub'ektlerdiń ekonomikalıq máplerin qurılıp atırğan ob'ekt sapasına jóneltiriw úlken áhmiyetke iye. Alıp barılğan izertlewler natiyjesinde, bul shınjır qatnasıwshılardin' ishki shólkemlestirilgen strukturalarında óz-ara muwapıqlıq máseleleri óz sheshimin tapbagan. Mámleket tárepinen belgilep berilgen normalar hám talaplar sistemanıń sırtqı táreplerin muwapıqlastırıwğa qaratılğan bolıp, sırtqı mexanizm tiykarların belgilep beredi, biraq bul máseleni bólek sheshim qabillanadi hám ishki mexanizm jaratılıwı stilistik tárepten qáliplesiwi hám de shólkemlerdiń óz ğayratlarına tayanıwı kerek.

Bunda buyırtpashı onıń oylag'aninday imarat hám qurılıstı tez hám sapalı jaratılıwınan, joybarshı óz sheshimleriniń turmısqa nátiyjeli usinis etiliwinen, qurıwshı bolsa belgilengen múddette, smeta bahası sheńberinde, joybarğa ámel etken halda qurılıstı juwmaqlaw maqsetke muwapiq bolıp tabıladı. Sol menen birgelikte, ishki shólkemlestirilgen mexanizmler bul maqsetlerdin' ámelde ko'rsetiwi processinde túrli mashqalalardi júzege keltiredi.

Mısalı: buyırtpashınıń qurılıstı finanslıq támiynlew múmkinshilikleriniń ózgeriwi ob'ektti qurıw hám qabıl qılıw múddetlerin shegaralaydı, ha'm sheshimlerine óz tásirin ko'rsetedi. Joybar shólkeminde joybar -qıdırıw jumısların sho'lkemlestiriw qásiyetleri dóretiwshilik sheshimnen kóre dástúriy sheshimlerden paydalanıwğa tiykar boladı.

Qurılıs shólkeminiń de iskerlikti shekleytuğın ayriqsha sharayatlar bolıp, nátiyjede shınjır sub'ektleriniń arasındağı munasábetlerde ayırmashılıq payda bolıwına alıp keledi.

Sol munasábet menen qurılıs shınjırı qatnasıwshılardı óz-ara baylanıstıratuğın kriterya jaratılıw kerek dep esaplaymiz. Aldıńğı shet el tájiriybeleri sonı kórsetedi, qurılıs processinde

bul kriteriya bolıp integrallasqan sapa menejmenti sisteması menen xizmet etiwi múmkin. Bunıń tiykarǵı sebebi kárxananıń sapa menejmenti sisteması onıń barlıq shólkemlestirilgen mu'nasábetlerin muwapıqlastırıwǵa alıp keledi hám birden-bir sistema retinde bahalaniwina tiykar boladı.

Házirgi kúnde mámleketimiz kárxanalarında sapa menejmenti sistemaları teoriyalıq izertlewler basqıshınan ámeliy nátiyjeler basqıshına ótpekte. Eksportqa jóneltirilgen sanaat kárxanaları sapa menejmenti sistemalarınıń abzallıqlarınan payda kórilmekte. Ishki bazarda iskerlik kórsetip atırǵan kóplegen sanaat kárxanaları da islep shıǵarıw mádeniyatın asırıw esabınan ekonomikalıq nátiyjelerdiń asıwına sebep bolmaqda.

Atap aytqanda qurılıs kompleksinde da qurılıs materialları sanaatında sapa menejmenti sistemaları úlken nátiyje beriw na'zerde tutilip atir. Usınıń menen birgelikte sapa menejment sistemalarınıń qurılıs procesi shınjırında qollanılıwı házirgi kúnde qanaatlandirarli dep bolmaydı. Bunıń tiykarǵı sebepleri joqarıda belgilengen ishki shólkemlestirilgen mexanizmlerdegi ayrıqshalig'i bolıp tabıladı. Buyırtpashı qurılısda basqarıw sapasın asırıwdan eń úlken mápke iye bolsada, processge tásir kórsetiw múmkinshiliklerinen jetkiliklishe paydalanbaydi, sebebi ózinde de investitsion minnetlemelerdi orınlaw sisteması qáliplespegen. Joybar salasınerkinlesiwshi odaǵı shólkemlerde sapa menejmenti sistemasın engiziw múmkinshiliklerin shekleydi, yaǵnıy sistemanı júrgiziw qárejetleri nátiyjeden joqarı bolıwı baqlanadı. Qurılıs shólkemlerinde islep shıǵarıwdıń biyqararlıǵı sapa menejmenti principlerıni orınlawǵa úlken qawip tuwdıradı. Qurılıs shólkemleriniń úlkenligi da sapa menejmentiniń tolıqqonli sistema retinde iskerlik kórsetiwin shekleydi. Qurılıs qatnasıwshılarınıń óz-ara baylanıslılıǵı da olardıń hár birinde bólek sapa menejmenti sistemasınıń nátiyjeli iskerlik kórsetiwine tosqınlıq etedi.

Usı máseleler qurılıs processinde sapa menejmentiniń ózine tán formasın jaratıw zárúr ekenligin ayqın kórsetip turıptı. Áwele, "buyırtpashı - joybar orınlawshı - qurıwshı" shınjırın óz ishine alatuǵın sapa menejment sisteması haqqında sóz júrgiziw kerek, yaǵnıy integrallasqan sapa menejmenti sisteması, sebebi qurılıs ob'ekti shınjırdıń barlıq qatnasıwshılarınıń iskerlik maxsuli bolıp tabıladı. Ekinshiden, bólek kárxananıń menejment sistemasın jetilistiriwde qollanılatuǵın principler qurılıs tarawı ushın jetkilikli bolmaydı, yaǵnıy qosımsha sırtqı sistemalarǵa jalǵanıw talap etiledi. Joqarıda korsetilip o'tilgen sıyaqlı, mámleketimiz kárxanalarında sapa menejmenti sistemaların ámeldegi etiw boyınsha úlken tájiriybe tóplanǵan. Sol munasábet menen usı
maqalamızda bólek qurılıs shólkeminde onıń ámeldegi etiliwi rejimine toqtalıp ótpeymiz. Házirgi kúnde tiykarǵı wazıypalardan biri - bul qurılısda sapa menejmenti sistemalarınıń joqarı nátiyje beriwin támiyinlewden ibarat, bul bolsa qurılıs shınjırınıń barlıq qatnasıwshılardı sapa menejmenti sistemasına boliwdi talap etedi.

Juwmaq retinde, integrallasqan sapa menejmenti sistemasın jaratıw jáne onıń shólkemlestirilgen táreplerin belgilewde tómendegi usınıslardan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı :
- joybar hám qurılıs shólkemlerin baylanıstıratuǵın birden-bir bahalaw kórsetkishleri sistemasın qáliplestiriw. Bunıń nátiyjesinde bul shólkemlerdiń iskerlik maqsetlerin jaqınlastırıwǵa erisiw múmkin;
- qurılıs hám joybar shólkemlerinde sapaǵa bolǵan itibardı shártnama ıntızamı talabı hám shólkemlestirilgen munasábetler tiregi retinde qabıl etiliwi kerek;
- qurılıs shólkemlerinde normalastırıw funkciyasın jetilistiriw, yaǵnıy onıń shólkemlestirilgen strukturasında waqıt, material sarp etiwleri, mexanizmlerden paydalanıw hám de ústeme qárejetleri normaların islep shıǵıw funkciyasın názerde tutıw.

Usı funkciyanıń orınlanıwı keleshekte pútkil tarawdıń boyınsha aldıńǵı tájiriybege tiykarlanǵan birden-bir normalardı engiziliwine tiykar boladı ;
- joybar shólkemleriniń menejment sistemasında qurılıs shólkemlerindegi aldıńǵı tájiriybelerge tiykarlanǵan sheshimlerdi tarqatıw funkciyasınıń ústin turatuǵın retinde

Jaratıw zárúr ekenligin ayqın kórsetip turıptı. Áwele, "buyırtpashı - joybar orınlawshı - qurıwshı" shınjırın óz ishine alatuǵın sapa menejment sisteması haqqında sóz júrgiziw kerek, yaǵnıy integrallasqan sapa menejmenti sisteması, sebebi qurılıs ob'ekti shınjırdıń barlıq qatnasıwshılarınıń iskerlik natijesi bolıp tabıladı. Ekinshiden, bólek kárxananıń menejment sistemasın jetilistiriwde qollanılatuǵın principler qurılıs tarawı ushın jetkilikli bolmaydı, yaǵnıy qosımsha sırtqı sistemalarǵa jalǵanıw talap etiledi.

Joqarıda belgilengenler etilgeni sıyaqlı, mámleketimiz kárxanalarında sapa menejmenti sistemaların ámeldegi etiw boyınsha úlken tájiriybe toplanǵan. Sol munasábet menen usı maqalamızda bólek qurılıs shólkeminde onıń ámel etiliwi rejimine toqtalıp ótpeymiz. Házirgi kúnde tiykarǵı wazıypalardan biri - bul qurılısda sapa menejmenti sistemalarınıń joqarı nátiyje beriwin támiyinlewden ibarat, bul bolsa qurılıs shınjırınıń barlıq qatnasıwshılardı sapa menejmenti sistemasına bólewdi talap etedi. Biziń pikirimizshe, integrallasqan sapa menejmenti sistemasın jaratıw jáne onıń shólkemlestirilgen tareplerin belgilewde tómendegi usınıslardan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı :

- joybar hám qurılıs shólkemlerin baylanıstıratuǵın birden-bir bahalaw kórsetkishleri sistemasın qáliplestiriw. Bunıń nátiyjesinde bul shólkemlerdiń iskerlik maqsetlerin jaqınlastırıwǵa erisiw múmkin;
- qurılıs hám joybar shólkemlerinde sapaǵa bolǵan itibardı shártnama ıntızamı talabı hám shólkemlestirilgen munasábetler tiregi retinde qabıl etiliwi kerek;
- qurılıs shólkemlerinde normalastırıw funkciyasın jetilistiriw, yaǵnıy onıń shólkemlestirilgen strukturasında waqıt, material sarp etiwleri, mexanizmlerden paydalanıw hám de ústeme ǵárejetleri normaların islep shıǵıw funkciyasın názerde tutıw.

Usı funkciyanıń orınlanıwı keleshekte pútkil tarawdıń boyınsha aldıńǵı tájiriybege tiykarlanǵan birden-bir normalardı engiziliwine tiykar boladı ;

- joybar shólkemleriniń menejment sistemasında qurılıs shólkemlerindegi aldıńǵı tájiriybelerge tiykarlanǵan sheshimlerdi tarqatıw funkciyasınıń ústin turatuǵın retinde qabıl etiliwi.

## Ádebiyatlar.

1. Ózbekstanda qurılıs. Statistikalıq toplam.- T.: Mámleket statistika komiteti, 2016 y.-176 bet.
2. Ózbekstan Respublikası Ministrler Mákemesiniń 2013 jıl 20 avgustdaǵı "Ózbekstan Respublikasında Birden-bir qurılıs reglamentı sistemasın qáliplestiriw tuwrısında"gi 229 - san Qarari. www. lex. uz.
3. Usmanov I. A., Qasqırev H. T. ( SamDAQI ) Qurilisda zamanago'y sho'lkemlesken qatnasiqlardi rawajlandiriw ma'seleleri "Ózbekstanda arxitektura - qurılıs tarawların rawajlandırıwdıń aktual máseleleri hám keleshekleri" temasında ilimiy-texnikalıq konferenciya mater